# BOLAJAQ TARBIYASHILARDIŃ KOGNITIV QABILETLERIN RAWAJLANDIRIWDA TIL OSIRIW METODIKASI- MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SHOLKEMINDE TIYKARǴI MÁSELE

**Bazarbaeva Ayjamal Kdırbaevna**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI, Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrası oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079398

***Annotaciya.*** *Bul maqalada bolajaq tarbiyashılardıń kognitiv qabiletlerin rawajlandırıwda til ósiriw metodikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde tiykarǵı  masele kórip shıǵıladı, Til ósiriw metodikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde balalar tilin ósiriw hám qáliplestiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq xizmet nizamlıqları kórip shıǵıladı.*

***Tayanısh sózler:*** *til osiriw, kognitiv, pedagogika, metodika, tárbiya, baǵdarlama, princip, Psixolingvistika, Grammatika.*

"Xalqımızda "bilim hám tárbiya besikten baslanadı" degen hikmetli sózde  úlken máni bar. Tek ǵana ruwhiy mádeniyat insandı kámalǵa, jámiyetti rawajlandırıwǵa jetekleydi. Sol sebepli bilimlendiriw, tarawındaǵı mámleketlik siyasat úzliksiz bilimlendiriw sisteması principine tiykarlanıwı, yaǵnıy bilimlendiriw baqshadan baslanıwı hám pútkil ómir dawam etiwi kerek."[1]  Usı kózqarastan alıp qaraǵanda, balalardıń sóylew tilin qáliplestiriw máseleleri tárbiyashı, metodist, direktor hám oqıtıwshınıń turaqlı dıqqat orayında turadi. Sebebi balanıń sóylew tilin ósiriw hám qáliplestiriw pedagogikalıq tárbiyanıń tiykarǵı hám ajiralmas, quramalı bólegi. Ulıwma alǵanda, ana tili metodikası pedagogika hám ana tili pánleriniń belgili tarmaǵı esaplanadı. Ol eki bólimge bólinedi:

**1.Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde til ósiriw metodikası.**

**2. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde hám orta mektepte ana tili oqıtıw metodikası.**

Olardıń hár biri óziniń maqseti, wazıypaları hám mazmunına iye. Til ósiriw metodikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde balalar tilin ósiriw hám qáliplestiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq xizmet nizamlılıqların úyreniwshi pán bolip tabıladı. Metodikanıń  tiykarǵı wazıypası ilimiy-pedagogikalıq tiykarında til ósiriwdiń júdá nátiyjeli quralları, metod hám usılların islep shıǵıw, olar menen mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyashıların qurallandırıwdan ibarat. Bul usıllar menen qurallangan tárbiyashı, tábiyiy, balalarda zárúr sóylew kónlikpesi hám qábiletin joqarı jetiskenlik  penen rawajlandırıw imkaniyatına iye boladı.

Solay etip, mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasında til ósiriw metodikası áhmietli máselelerden biri bolıp, búgingi kúnde ózine tán mashqalalarına iye. Sonıń ushın da biz tómende aldıńǵı tárbiyashılardıń tájiriybelerine súyenip mektepke

shekemgi bilimlendiriw shólkeminde til ósiriw jumıslarınıń ózgeshelikleri hám onı jaqsılaw boyınsha ayırım pikir-usınıslardı bildirmekshimiz. Sonıda aytıw kerek, til ósiriw metodikası, basqa da jeke usıllar sıyaqlı tómendegi tiykarǵı sorawlarǵa juwap beredi:

**1. Neni úyretiw?** Balalarda qanday kónlikpelerdi tárbiyalaw?

**2. Qalay úyretiw?** Balalardıń til ósiriwin qáliplestiriw waqtında qaysı metod hám usıllardan paydalanıw hám olardı qanday sharayatlarda qollanıw kerek?

**3.Ne ushin úyretiw kerek?** Usınıs yetilip atırǵan til ósiriw metodikası qanday teoriyalıq hám ámeliy dáliller menen tiykarlanadı?

Metodikalıq ilim tárepinen sóylewdiń ol yamasa bul wazıypasın sheshiwde bir qatar normalar belgilengen. Bular gúrrińdi aytıp úyretiwdegi arnawli usıllar, qosıq yadlaw, shinigiwlardıń quramın anıqlaw, ádebiy ertekte balalar til ósiriw iskerliginiń hár qıylılıǵı hám basqalar. Bunday normalardıń jeterli dárejede tiykarlanǵanlıǵı, onı hár bir pedagog tárepinen jaqsı túsinip alınıwı áhmiyetli.

Metodikalıq teoriya metodikalıq ámeliyat penen birgelikte rawajlanadı. Ayırım qaǵıydalardıń durıslıǵı, turmıslıq ekenligi ámeliyatta sınap kóriledi, ámeliyattıń ózi de ilim aldına áhmiyetli, sheshiliwi zárúr bolǵan máselelerdi qoyadı. Máselen, finans óz waqtında mektepke shekemgi jastaǵı balalardı sawatlılıq bilimlendiriwge tayarlaw baǵdarlamasın anıqlastırıw zárúrligin kórsetken edi. Usı boyınsha ádewir jumıslar islendi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde ana tilin úyretiw, tayarlaw toparlarında balalardı mektepke tayarlaw jumısları jaqsılandı.

Búgingi kúnde mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri baǵdarlamasın da jańalaw, jańa ana tilindegi qollanbalar jaratıw zárúrligin turmıs talap etpekte. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde til ósiriw metodikasın jetistiriw boyınsha shınıǵıwlar kalendar rejelerine jáne de anıqlawshı usınıslar zárúrligi sezilmekte. Mámleketimizde ǵárezsizlik sebepli bul tarawǵa itibar kúsheydi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi úzliksiz bilimlendiriw sistemasına kirgizildi hám nátiyjeli jumıs alıp barılmaqta.[1]

Til ósiriw metodikası bolsa pedagogika, psixologiya hám basqa pánler,eń dáslep, lingvistika páni menen baylanıslı. Metodika bul pánlerdiń maǵlıwmatlarına súyenedi. Házirgi waqıtta lingvistika hám psixologiya shegarasında jańa tarmaq ilimiy psixolingvistika rawajlanbaqta. Hárbir xalıq pedagogikasında balalardıń til ósiriwin rawajlandırıw boyınsha belgili bir usil teoriyalar, qaraslar bar. Mısalı, rus pedagog alımı K.D.Ushinskiy mektepke shekemgi tárbiya pedagogikasına bahalı úles qosqan. Ol balalarǵa mektepke barıwǵa shekem tayarlıq bilim beriw zárúrligin atap ótken edi. Ilimpaz bilimlendiriwdiń eki túrli kórinisin ajıratqan:[5]

**1. Sistemalı yamasa metodlı bilimlendiriw. Bul jeti jastan baslanadı.**

**2.Tayarlaw.** Bul mektepke shekemgi jastağı balanıń shańaraqta, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde, "kishi jaslar" mektebinde oqıwın qamtıp aladı. Ilimpazdıń pikirinshe, tayarlaw bilimlendiriwi, sonıń ishinde, sóylew tilin ósiriw bahalı qúdiret, yaǵnıy kúnine yarım saatqa shekem ápiwayı, qızıqlı, reńli bolıwı kerek. K.D.Ushinskiy balalarǵa ana tilinen dáslepki bilim beriwde úsh maqsetti ortaǵa qoyadı:

**Birinshi maqset:** Sóylew, yagniy óz pikirin bildiriw qábiletin rawajlandırıw. Bunıń ushın tárbiyanıń kórgizbeliligi, bala ańlaytuǵın anıq belgilerge (tabiyat hádiyseleri, súwretlerge) súyeniw kerek.

**Ekinshi maqset:** Balanı óz pikirlerin keń túrde bildiriwge úyretiw.

Kórkem shıǵarmalar bunıń joqarı úlgisi bolıp xızmet etedi. Olar xalıq awızeki dóretiwshiligi me, jazba ádebiyat úlgisi me, balalar ushın úlken ruwxıy tásirge iye. Olarda sóylew kórkemligi óz kórinisin tabadı.

**Úshinshi maqset:** Grammatikanı ámeliy úyreniw. Bul maqset oni keyin ala pán sipatında úyreniwge baslaydı. Xár túrli shınıǵıwlar bul maqsetke xızmet etiwi múmkin. Mısalı, tapsırılǵan sózdi qosıp gáp dúziwdi oylaw, kerekli formadaǵı sózdi tańlaw hám basqalar usınday shınıǵıwlar bolıp esaplanadı.

Bul úsh maqset bir waqıttıń ózinde ámelge asırılıwı kerek.

Solay etip, K.D.Ushinskiy ana tiliniń balalar tárbiyasındaǵı jetekshi rolin tiykarladı. Bul bolsa pedagogikada sóylew tilin ósiriwdi óz aldına hám arnawlı bólim sıpatında ajıratıwǵa alıp keldi. Ullı alımnıń teoriyalıq qaǵıydaları balalardıń sózin rawajlandırıw usılınıń ayrıqsha, biyǵárez, arnawlı pán sıpatında júzege keliwine tiykar bolıp xızmet etti.

Orta Aziya xalıqları pedagogikasında da bala sózin rawajlandırıwǵa itibar ayrıqsha orın iyeleydi. Xalıq ertekleri, ańızlar, gúrrińler, tez aytıwlar, jumbaqlar, sóz oyınları bul tarawda úlken qádirge iye.[6]

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi xalıq bilimlendiriw sistemasında dáslepki basqısh esaplanadı. Xalıq bilimlendiriw wazıypası sanalı, joqarı mádeniyatlı hám bilimli, sawatlı, aqılıy hám fizikalıq miynetke uqıplı, mámlekettiń xalıq xojalıǵı hám mádeniy turmısında belsendi adamdı tárbiyalawdan ibarat. Joqarı sawatlı bolıw ushın insan óz ana tiliniń barlıq baylıqların iyelegen bolıwı kerek. Sonlıqtan da mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń bas wazıypalarınan birewi balalarda óz xalqınıń ana tilin iyelew tiykarında awızeki sóylewdi qáliplestiriw.

**1.Til ósiriw.** Mektepke shekemgi jastaǵı balalar tildiń tiykargı sózlik fondınan sóz ózlestiredi. Olardı tańlaw átiraptaǵılardıń sózligi, balanıń átiraptaǵı turmıstı gózlep alıwı hám basqalar menen baylanıslı boladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde sózlik ústinde islew baǵdarlaması bar. Ol tárbiyashıǵa balalardı sóz tańlawǵa úyretiw ushın járdem beredi. Tárbiyashı, dáslep, balanıń átirapındaǵılar menen normal qatnasta bolıwı ushın sáykes sózlerdi tańlaydı. Bunday sózlerdi balanıń óz betinshe tańlawı qıyın. Durıs, bala olardı ózlestiredi, biraq úlkenlerdiń járdemi bolmasa, tártipsiz ráwishte, ástelik penen, qıyınshılıq hám qáteler menen ózlestiredi. Tárbiyashı arnawlı usıllarda baǵdarlama beredi.[2]

**2. Til ósiriwdiń grammatikalıq tárepin qáliplestiriw.** Sózlik til ushin qurıw materialı esaplanadı. Grammatika sózlerdiń ózgeriwi hám olardıń gápte qosılıwı jollarınıń normaların úyretedi. Bunnan tısqarı, tildiń konstruktivlik modellerin (sóz jasaw, sóz ózgertiw) belgileydi.

Tárbiyashı balalar menen hár túrli sóylew ámeliyatların shólkemlestiredi. Til úyretiw sistemasına túrli shınıǵıwlardı kirgizedi. Bul shınıǵıwlar balalardıń itibarın biraz quramalastırıp, sonıń menen birge, olar ushın zárúr gáp yamasa buwınlar, sózlerdiń dúzilislerine tartadı. Sonday-aq, bul shınıǵıwlar olardıń sózinde ana tiliniń morfologiyası hám sintaksisine baylanıslı belgili qaǵıydalardı bekkemleydi.

**3. Sóylewdiń dawıs mádeniyatın tárbiyalaw.** Bala, eń dáslep, tildiń ses dúzilisin, sesti duris aytıw kónlikpesin iyelewi kerek. Sóylewdiń eń áhmiyetli ózgesheligi onıń kórkemligi bolıp tabıladı. Balalarda bul pazıyletti kórsetiw, tárbiyalaw olardıń erteńgi kúni ushın zárúr. Sebebi bunday balalar úlkeyip, kópshilik aldında sóylewde sheber boladı, oratorlıqta ózin kórsete aladı. Mektepke shekemgi jas mine usınday ádet hám kónlikpelerdi payda etiw ushın eń qolaylı dáwir.

**4. Dialog sóylesiwdi qáliplestiriw.** Balalarda ózlerine qaratılgan sózdi tıńlaw hám túsiniw, sáwbetti qollap-quwatlaw, sorawga juwap beriw hám soraw beriw kónlikpelerin qáliplestiriw zárúr. Dialog sóylesiw dárejesi balanıń sózlik baylıǵı hám tildiń grammatikalıq qurılısın qay dárejede iyelegenligi menen baylanıslı. Dialog sózi sóylesiwshi menen qatnasıq sıpatında sáwbetlesiw waqtında ózin tutıw, ádepli boliw, mádeniyattı saqlaw sıyaqlılardı da talap etedi. Tárbiyashı balalar sóylesiwiniń mazmunlı bolıwına tásir kórsetedi, bir-birinen jańalıqlardı biliw tilegin xoshametleydi.[4]

**5. Monologta gúrriń etiwge úyretiw.** Monolog sózdi iyelew balalardı mektepke tayarlaw ushın áhmietli. Mektepte bolsa bul paziylet bekkemlenedi. Dialog sóz pikirlewdiń, onıń hár qıylı qásiyetleriniń qáliplesiwine járdem beredi. Bunnan

tısqarı, gúrriń balanıń sóz baylıǵın payda etiwine, sonıń ishinde, dúzey alıwına, mazmundı kompoziciyaǵa sala alıwına járdem beredi. Bunda balada kórgizbeli bolmaǵan hár qanday awızeki gúrrińdi tıńlay alıw, olardı túsiniw, sońınan bolsa tıńlaǵanların aytıp beriw, yagniy ózine de qayta gúrrińlep beriw kónlikpeleri payda boladı. Sonday-aq, mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa ózleri de ápiwayı gúrrińler dúziw úyretiledi.

**6.Kórkem ádebiyat penen tanısıw.** Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemindegi tárbiyalanıwshılar balalar ádebiyatınıń eń jaqsı shıǵarmaları menen tanıstırıladı. Tárbiyashı balalarda ayırım ápiwayı kónlikpelerdi tárbiyalaydı. Bular kórkem shıǵarmanı tıńlaw hám túsiniw, onıń qaharmanları haqqında pikir bildiriw sıyaqlılardan ibarat. Tárbiyashı hár bir balanıń súwretlerin tamashalaw hám oqıwǵa qızıǵıwshılıq oyatıw bilimlerin dosları menen bólisiwge úyretiwi kerek.

**7. Balalardı sawatqanlıqqa tayarlaw.** Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde balalardıń til ósiriwin rawajlandırıw boyınsha pútkil pedagogikalıq jumıs olardı mektepte oqıwǵa tayarlawga xızmet etedi. Mektepte bolsa balanıń durıs awızeki sózi, basqalardı tıńlaw, olardıń sóylesiwine aralasıp, pikir hám múnásibet bildiriw, zárúr bolganda juwap beriw  yaki dúzetiw kónlikpeleri zárúr. Sóylew balalar ushın analiz predmeti bolıp qaladı. Bul bolsa olarǵa úlken qıyınshılıq bolıp kórinedi. Mektepte tabıslı oqıw ushın tómendegi sıpatlar zárúr áhmiyetke iye: pedagog tárepinen aytılǵanlardı tıńlay alıw, óz pikirin anıq ápiwayı gáplerde, onsha úlken bolmaǵan baylanıslı gúrrińlerde, ashıq-aydın, grammatikalıq jaqtan hár túrli kórsete alıw.[3] Solay etip, biz balalar til ósiriwin rawajlandırıwdıń jeti tiykarǵı wazıypasın aytıp óttik. Bul wazıypalardıń kópshiligi mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesiniń barlıq jas toparlarında sheshiledi. Tek olardıń anıq mazmunı hár qıylı boladı. Sebebi ol balalardıń jas imkaniyatlarına baylanıslı. Kórsetilgen wazıypalardıń hár biri de bilimlendiriwge de, tárbiyalıq jaqtan da iye. Sóylewdi ósiriw procesinde shaxstıń aqılıy sıpatları qáliplesedi, ádep-ikramlılıq, estetikalıq tárbiyanıń áhmiyetli wazıypaları sheshiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Bazarbaeva A.Q.Bo‘lajak tarbiyachilarning kognitiv qobiliyatlarini rivojlantirishning pedagogik shart-sharoitlari// Toshkent Davlat Pedagogika Universiteti ILMIY AXBOROTLARI 2023/ 8 – SON 229-236 b
2. Babaeva D.R  “Nutq ostirish metodikasi” oquv qollanma T.: TDPU 2016.
3. Qodirova F.R, Qodirova R.M «Bolalar nutqini rivojlantirish nazariyasi va metodikasi». T., «Istiqlol», 2006.
4. Qodirova R.M. Maktabgacha yoshdagi bolalarda dialogik nutqini rivojlantirishning ruhiy omillari. Qozoǵiston, Sariyoǵoch, 1998.
5. Golovin B.N. Vvedenie v yazikoznanie. - M.: 1977.